

Vin jwenn mwen sensèman , e m ap geri nou

Pa Èldè Patrick Kearon

Nan Swasanndis yo

Sovè nou an se Prens Lapè a, Gran Gerisè a, sèl moun ki ka vrèman pwòpte nou anba piki peche.

Aswè a m ta renmen pataje yon mesaj rekonfò ak gerizon avèk ou menm ki santi ou poukont ou oswa yo blyie ou, ou menm ki pèdi lapè nan lespri oswa nan kè, oubyen ou menm ki santi ke w rate dènye chans ou. Ou ka jwenn gerizon konplè ak lapè nan pye Sovè a.

Lè m te yon tigason 7 tan ki t ap viv nan Penensil Arab la, paran m te toujou raple m pou m toujou mete soulye, e m te konprann poukisa. Mwen te konnen ke soulye t ap pwoteje pye m kont anpil menas ki te tout kote nan dezè a, tankou koulèv, eskòpyon, ak pikan. Yon jou maten apre yon nuit nan kan nan dezè a, m te anvi al eksploré, men m pa t sousye pou mete soulye m. M te panse nan tèt mwen ke m ta pral sèlman fè yon ti flannen, e m t ap rete toupre kan an. Konsa olye m te mete soulye, m te mete sandal. M te di tèt mwen ke sandal sete soulye tou---yon lòt kalite soulye. E antouka, kisa k ta ka gentan rive?

Pandan m t ap mache sou sab frèt la---avèk sandal mwen---m te santi tankou yon pikan te rantre nan pla pye mwen. M te gade e m te wè non pa yon pikan, men yon eskòpyon. Pandan ke lespri t ap rekonèt eskòpyon an epi m te reyalize sa k fèk rive a, doulè piki a te kòmanse monte soti nan pye mwen rive nan janm mwen. M te kenbe anlè janm mwen e m t ap eseye anpeche doulè terib sa a rive pi lwen, e m te rele osekou. Paran mwen te kouri vini soti nan kan an.

Pandan papa m t ap touye eskòpyon an ak yon pèl, yon zanmi granmoun ki te nan kan an avèk nou te ewoyikman eseye souse pwazon an soti nan pye mwen. Nan moman sa a, m te panse m ta pral mouri. Mwen te kriye pandan paran m t ap mete nan yon machin epi derape kite dezè a a tout vitès nan direksyon lopital ki te pi pre a, ki te plis pase dezètan kote n te ye a. Doulè nan janm mwen an te terib, e pandan tout vwayaj sa a, m te panse m ta p mouri.

Sepandan, lè nou te finalman rive lopital la, doktè a te kapab asire nou ke se sèlman timoun piti ak moun ki gen gwo malnitrisyon ki menase pa pwazon tip eskòpyon sa a. Li te ban m yon piki anestesi, ki te fè janm nan mò epi k te retire tout sansasyon doulè. Nan lespas 24 èdtan, m pa t gen okenn efè piki eskòpyon an ankò. Men, mwen te aprann yon gwo lesion.

Mwen te aprann ke lè paran m te di m pou m mete soulye, yo pa t vledi sandal; m pa t ase gran pou m te konnen ke sandal pa founi menm pwoteksyon avèk yon pè soulye. Men jou maten sa a nan dezè a, m te inyore sa m te konnen ki te byen an; m te inyore sa paran m yo te anseye m san rete a. M te alafwa parese ak yon tijan rebèl, e m te peye sa.

Pandan m ap pale avèk nou la a, nou menm jènjan vanyan yo, papa nou, enstriktè nou, dirijan nou, ak zanmi nou yo, mwen rann omaj a nou tout ki ap efòse avèk dilijans pou n vin sa Senyè a bezwen e vle nou tounen an. Men mwen temwaye apati pwòp eksperyans pa m lè m te tigason an, ak kounyeya antanke gason, ke inyore sa nou konnen ki byen, keseswa pa parèt oswa rebelyon, toujou pote konsekans endezirab ki espirityèlman domajan. Non, eskòpyon an pa t finalman menase lavi mwen, men, li te lakòz gwo doulè ak soufrans pou ni mwen menm ni paran mwen. Nan sa ki gen pou wè avèk jan n ap viv levanjil la, nou pa dwe reyaji avèk parèt ni rebelyon.

Antanke manm Legliz Jezikri a, epi antanke detantè Prètriz, nou konnen kòmandman ak prensip nou fè alyans pou nou kenbe yo. Lè nou chwazi yon lòt chemen olye sa nou konnen ki byen an, jan paran nou ak dirijan yo anseye nou an, ak jan Sentespri a konfime l nan kè nou chak la, se tankou mache nan dezè sab la avèk sandal nan plas soulye. Apresa nou chèche jistifye atitud parès oswa rebèl nou an. Nou di tèt nou nou pa reyèlman ap fè anyen ki mal, ke se pa yon pwoblèm, e pa gen anyen ki mal ki ka soti nan jis lache bafè a yon ti kras. Petèt nou konsole tèt nou avèk panse ke tout lòt moun ap fè l---oswa y ap fè pi mal---e antouka, nou pa pral sibi okenn konsekans negatif. Nou rive konvenk tèt nou ke nou se eksepsyón nan règ la epi konsa nou pwoteje kont konsekans ki genyen nan kraze li. Nou refize, pafwa volontèman, pou n “fidèlman obeyisan”1--jan sa di nan *Preche levanjil mwen an*-- e nou pa louvri tout kè nou bay Senyè a. Epi lèsa a nou pran nan pik'an.

Ekriti yo anseye nou ke “Senyè a vle kè nou,”2 e yo kòmande nou pou nou renmen Senyè a ak sèvi li avèk “tout kè [nou].”3 Pwomès la sèke nou “ka kanpe san repwòch devan Bondye nan dènye jou a”4 epi retounen nan prezans li.⁴

Anti-Nefi-Leyi yo nan Liv Mòmon an te depose zam lagè yo epi yo te antere yo fon anba tè a, yo te fè alyans pou yo pa t janm pran zam kont frè yo ankò. Men yo te fè plis pase sa. “Yo te vin tounen yon pèp ki jis” paske “yo depoze zam *rebelyon* yo, pou yo pa t goumen avèk Bondye ankò.”⁵ Konvèsyon yo te si total ak si pwofon ke yo “pa t janm kite legliz la”⁶

Men anvan konvèsyon yo, sonje eta yo---yo t ap viv nan sa ekriti yo rele “kareman an rebelyon kont Bondye.”⁷ Kè rebèl yo te fè ke yo t ap viv “nan yon sitiyasyon ki opoze avèk bonè” paske yo te “opuze avèk nati Bondye”.⁸

Lè yo te depoze zam *rebelyon* yo, yo te kalifye tèt yo pou jwenn gerizon ak lapè Senyè a e nou kapab tou . Sovè a asire, “Si yo pa fè kè yo di, epi yo pa fè kou yo rèd kont mwen, y ap konvèti *e m ap geri yo*.”⁹ Ou menm avèk mwen kapab aksepte envitasyon sa a pou “retounen vin repanti, vin jwenn mwen sensèman, e m ap geri [nou].”¹⁰

Fè diferans ant mirak gerizon mirakile sa a avèk sa k rive “lè nou deside pou nou kouvri peche nou yo, oubyen pou nou pran plezi nan lògèy nou yo, [oubyen] anbisyon vanite nou yo. Syèl la wete tèt li; Lespri Senyè a atriste epi nou rete poukонт nou “pou n lite avèk malen an, . . . epi pou n goumen avèk Bondye.”¹¹

Frè m yo, nou jwenn gerizon ak soulajman sèlman lè nou lage tèt nou nan pye Gwo Doktè a, Sovè nou Jezikri. Nou dwe depoze zam rebelyon nou yo (e nou chak konnen kisa yo ye). Nou dwe depoze peche, vanite ak ògèy nou. Nou dwe abandone dezi pou n suiv mond lan, dezi pou n jwenn respè ak louwanj nan men mond lan. Nou dwe sispann batay avèk Bondye e olyesa, remèt li tout kè nou toutantye, san manke moso. Lèsa a, l ap kapab geri nou. Lè sa a, l ap kapab netwaye nou anba piki pwazon peche.

“Paske Bondye pa voye Pitit Gason li a sou latè pou kondane lèzòm; men pito pou l te kapab delivre yo.”¹²

Prezidan James E. Faust te anseye: “Lè obeyisans vin tounen objektif nou, li pa yon iritasyon ankò; olye 1 se yon obstack, li vin tounen yon wòch batisè.

“... Obeyisans mennen nan vrè libète. Plis nou obeyi verite revele a, se plis nou vin libere.”¹³

Semèn pase, m te rankontre yon mesye 92 an ki te patisipe nan plizyè nan gwo kanpay Dezyèm Gè Mondyal la. Li te siviv anba twa blesi, youn nan yo sete anba ekzplosyon yon chan min ki te eksploze jeep li te ladan an, sa ki te touye chofè a. *Li te aprann ke pou siviv nan yon chan min, ou dwe suiv egzakteman*

tras machin ki devan ou lan. Nenpòt devyasyon adwat oswa agoch kapab, e anfèt te, definitivman fatal.

Pwofèt ak apot nou yo, dirijan ak paran nou yo, kontinyèlman ap montre nou wout nou dwe suiv si nou vle evite yon eksplozyon k ap detwi nanm nou. Yo konn chemen sekirite ki pa gen min yo (oswa anfèt eskòpyon yo), e yo pa janm fatige envite nou pou nou mache dèyè yo. Gen sitèlman pyèj devstan ki ka pouse nou lwen chemen an. Angaje nan dwòg, alkòl, pònografi, oswa konpòtman imoral, sou Entènèt oswa nan jwèt videoyo, ap mennen nou dwat nan eksplozyon. Devye adwat oswa agoch sou wout sekirite ki devan nou an, keseswa akoz pares oswa rebelyon, kapab vin fatal pou lavi espirityèl nou. Pa gen okenn eksepsyon pou règ sa a.

Si nou te ekate de chemen an, nou ka chanje, nou ka retounen, e nou ka rejwenn lajwa ak lapè enteryè nou. Na pral dekouvi ke retounen sou wout la kote yo retire tout teren mine yo pote anpil soulajman.

Okenn moun pa ka anpè sou yon teren ki mine.

Sovè nou an se Prens Lapè a, Gran Gerisè a, sèl moun ki ka vrèman pwòpte nou anba piki peche ak pwazon lògèy, e chanje kè rebèl nou yo fè yo tounen kè konvèti, ki fè alyans. Ekspyasyon li a enfini epi li aplike pou nou tout.

Envitasyon I te fè Nefit yo, lè l t ap ministre nan mitan yo antanke Kris resisite a, toujou valid pou ou menm avèk mwen: “Èske gen moun ki malad nan mitan nou? Mennen yo vini. Èske gen moun ki paralize, oubyen avèg, oubyen bwate, oubyen domaje, oubyen lepre, oubyen ki vyeyi, oubyen ki soud, oubyen ki aflije nan nenpòt fason? Mennen yo vini *e m ap geri yo*”¹⁴

Okenn nan nou pa pèdi dènye chans li. Nou ka chanje, nou ka retounen, nou ka reklame mizerikòd. Vin jwenn sèl moun ki ka geri a, e n ap jwenn lapè. Nan non Jezikri, amèn.

Nòt

1. *Preach My Gospel: A Guide to Missionary Service* (2004), nan do a.
2. Doktrin ak Alyans 64:34; italik ajoute.
3. Doktrin ak Alyans 4:2; 59:5; italik ajoute.
4. Doktrin ak Alyans 4:2.
5. Alma 23:7; italik ajoute.
6. Alma 23:6.
7. Mozya 2:37; Alma 3:18; gade Mòmon 2:15 tou.
8. Alma 41:11.
9. Doktrin ak alyans 112:13; italik ajoute.
10. 3 Nefi 18:32.
11. Doktrin ak Alyans 121:37, 38.
12. Jan 3:17.

13. James E. Faust, “Obedience: The Path to Freedom,” *Liahona*, July 1999, 55, 53; *Ensign*, Me 1999, 47, 45.
14. 3 Nefi 17:7; italicik ajoute.